

IVYO KWITWARARIKA.

Kugirango ibikorwa vya rusansuma rukuru rw'Uburundi bigende neza, vyose bizova k'umukozi wa rusansuma, umutima wo gukunda igihugu n'ubwitonzi azobikorana.

Kugirango ube umukozi mwiza wa rusansuma utegerezwa :

- 1 - Kumenya neza, n'ugukurikiza amabwirizwa y'ibiro bikuru vya rusansuma mukumenya ingene ubaza abo ugirira rusansuma.
- 2 - Gushira k'umuzirikanyi ivyo umukuru wawe wa district agutegeka.
- 3 - Gukurikiza iminsi baguhaye yo kurangura ivyo bikorwa.
- 4 - Kubaha no kudashirisoni abantu ugirira rusansuma.
- 5 - Kugumya ibanga ry'ivyo wanditse, nta numwe ushobora kuvyereka atar'umukuru wawe wa district. Ivyo bakwishura vyose n'ibanga.
- 6 - Utegerezwa kwitaba umukuru wawe wa district aguhamagaye, haba mubikorwa vy'integuro canke mukugira rusansuma nyene.

Izi nyigisho, uzishire k'umuzirikanyi, imbere yo kwandika mugitabo baguhaye, utegerezwa kuba uzi neza ingene babigira, harico utumva utegerezwa kubaza umukuru wawe wa district.

INYIGISHO Z'UMUKOZI WA RUSANSUMA.

N° d'ordre : N° du rugo
 numero y'urugo
 N° du ménage dans le rugo
Inomero numero y'inzu muziri murugo
y'urutonde: igitigiri c'impapuro

Iyo numero y'urutonde isanzwe yanditswe kurupapuro rwa rusansuma baguha. Mugihe ababa munzu imwe barenga 10, kurupapuro rwa kabiri uzobandanya kubandikako uzohera ku numero 1 - 2 - 3 - gushika ubandike bese.

Colonne 1 Nom et Prénoms: Izina ryiwe n'Izina ry'Ubukristu canke Inkingi ya 1. ry'idini yiwe n'matazirano.

Nta numwe usiga kwandika mubaba muriyo nzu bese. (urwo rugo) U'tangurira kuri nyen'urugo, hanyuma inarugo, abana babo ukurikije ingene barutany'imyaka, ugatangurira k'umukuru gushika kumuhererezi. Abantu baba muriyo nzu bese barandikwa, ari incuti canke abatanzwe canke abahatse indaro, ari abahamaze iminsi canke abaharaye mw'ijoro bafatiyeko ry'intango ya rusansuma. Abantu bese basanzwe baba muriyo nzu naho boba atariho bari barandikwa, mugabo ugashirako ikimenyetso ko atariho bari (RA) n'abashitsi nyene ushirako ikimenyetso ko ari abashitsi (VI). Umwana avutse inyuma y'ijoro bafatiyeko kugira rusansuma ntiyandikwa, ariko umuntu yopfa inyuma y'iryojoro ategerezwa kwandikwa nkuko kirihwo.

Ubanza kubaza ababa muriyo nzu, ugatangura kubandika.

1. Nyen'urugo
2. Umugore wiwe wambere
3. Abana yavyaye nuyo mugore, batararongora ugahera kumukuru gushika kumuhererezi.
4. Ahandi bana banyen'urugo yoba yavyaranye n'uwundi mugore, mugabo batararongora canke yavyaye ahandi baba muri nyanzu, ugahera k'umukuru gushika k'umuto.
5. Abana b'umugore yoba yarazanye, nabo nyene batararongora ugahera k'umukuru gushika k'umuto.
6. Umugore wa kabiri n'abana biwe, ugahera k'umukuru gushika k'umuto.
7. Incuti za nyen'urugo canke inarugo baba muriyo nzu (abuzukuru abishwa) n'abandi se w'umugabo canke nyina w'umugabo canke w'umugore.
8. Izindi ncuti zihaba.
9. Abandi bantu ataco bapfana mugabo baba muriyo nzu (nk'umuboyi umwungere) n'abandi.
10. Abashitsi baharaye muriyo joro bafatiyeko intango ya rusansuma canke bahamaze iminsi.

Colonne 2 : Lien de parenté

Inkingi ya 2 : Ico bapfana

Mubaba muriyo nzu wandika ico bapfana na nyen'urugo canke uwo bagipfana mubaba muriyo nzu. Mukuvyandika mugukurikiza imfunyafunyo nkizi:

- CM : Nyen'urugo
- EP : Inarugo
- FI : Umuhungu canke umukobwa
- AS : Abavyeyi ba nyen'urugo canke umugore wiwe
- AP : Izindi ncuti
- SP : Uwuhaba ataco bapfana kandi atakazi ahafise ntiwokwibagira kwandika uwo aza akurikira muriyo nzu abamwo.

Colonne 3 : Statut de Résidence : Ahuba canke uwatsindaro.

Inkingi ya 3 : Kwarahuba canke urara

Nukuvuga ko uba iwawe canke iwanyu canke ahowatse indaro, no muri rya joro ry'intango ya rusansuma ukaba ariho waruri canke ukaba wari kurubanza mugabo usanzwe ariho uba. Nugutandukanya lero uwuhaba no mw'ijoro ritangura rusansuma akaba yari kurubanza, umwatsi w'indaro canke umushitsi.

RP : n'ababa muriyonzu (mu rugo) kandi mwijoro ry'intango ya rusansuma akaba ariho baraye canke ababa baheruka kuza kuba mururwo rugo. Mugabo batararenza amezi 6 kandi batiyumvira gusubira kuhava. Mugabo akaba ariho baraye muri ryajoro ry'intango ya rusansuma.

RA : n'ababa muri nyanzu (urugo) ariko mwijoro ry'intango ya rusansuma akaba atariho bari kuko baba bamaze urubanza mugabo ntibarenza amezi 6, ariko bakaba baba hano nyene.

.../...

VI : n'ababa baharaye muri ryajoro ry'intango ya rusansuma canke abahamaze iminsi mugabo batarashikana amezi 6 (n'abatsi bindaro) canke abashitsi

Ico kwitwaririka : Remarque

Aha umuntu aba birafise akamaro kanini kugirango umenze abantu baba mugihugu navyo mukubimenya ubaza utubazo tubiri

1. Niho yaraye murirya joro ry'intango ya rusansuma ?
2. Nihasanzwe aba ?

Inyishu baguha ubabajije.

1. Niho yaraye murirya joro ry'intango ya rusansuma ?

Ego canke Oya

2. Aba muriyo nzu ?

Ego canke Oya.

Iyo bakwishuye Oya kabiri k'umuntu umwe, ntumwandika mubaba muriyo nzu. Murugo rumwe harashobora kuba ba nyen'urugo 2 canke 3, aho lero umwumwe yandikwa hamwe n'abiwe munzu iwe. (Akarorerero. Umugabo abana n'abahungu biwe barongoye) Abana batararongora baba munzu yabo mugabo barya kwa se canke kwanyina bandikwa kuri se canke nyina.

Colonne 4 : Sexe " Icarico

Umuhungu canke Umukobwa.

Uca wandika ari umuhungu canke umugabo M.
ari Umukobwa canke umugore F.

Ico kwitwaririka : Ntukabaze umuntu icarico kandi umubona.

Colonne 5 : Age " : Imyaka y'amavuka.

n'ukuvuga umwaka yavukiyeko, nibwonerwa rwose muvya rusansuma kumenya imyaka y'umuntu. Mugabo abanyagihugu benshi ntibazi imyaka yabo, niyo mpamvu umukozizi wa rusansuma ategerezwa gukoresha ubwenge mukurondera imyaka y'umuntu. Uwabatijwe ukanwambikete y'ibatisimu, canke igitabo cikori ca kera canke ukaraba mugatabo baguhaye, ivyabaye kera yoba azi kandi vyoba vyashitse nuko yangana ugereraniye n'umwana wubu. Kirazira rwose kuvyikurira mu mutwe nukubaza mubo bizi kumwe uwogufasha kumenya imyaka yiwe.

Uca wandika gurtya (akarorerero)

24

05

09

Itwaririke ibi : Ntawandika itariki y'amavuka bandika umwaka yavukiyeko gusa
- Umwaka atarashikana umwaka bandika zero zibiri 00

Uragaba : Se ategerezwe kurusha imfura yiwe nk'imyaka irenga 15, nyina nawe akamurusha nkiyirenga 12.

.../...

Colonne 6 : Etat Matrimonial " : Ingene yubatse

navyo bavyandika gurtya : CEL : Umusore canke Inkumi,
MAR : Uwarongoye canke yarongowe
VEU : Uwapfakaye
DIV : Uwahukanye
CEL : n'umusore canke inkumi atigeze arongora
canke arongorwa.
MAR : n'uwarongoye canke yarongowe, biciye muri
muri sehtare, mwisengero, canke kumigenzo
y'igihugu ciwe.
VEU : n'umugabo canke umugore yafakaye
DIV : n'umugabo canke umugore, yarongoye canke
yarongowe kumunsi wa rusansuma bakaba
batarikumwe.

Uzoca wandika :

CEL : Umusore canke Inkumi
MAR : Umugabo canke Umugore
VEU : Uwapfakaye
DIV : Uwahukanye.

Colonne 7 : Lieu de naissance " . Aho yavukiye

Uca wandika:-Uwavukiye muriyo komine ugiriramwo rusansuma

- Uwavukiye muyindi komine mugabo yo mu Burundi wandika izina ryiyo komine yavukiyemwo.
- Uwavukiye mukindi gihugu wandika izina ry'igihugu yavukiyemwo gusa, nta komine Arrondissement canke Province wandika).

Colonne 8 : Nationalité : Igihugu ciwe.

Igihugu ciwe nukuvuga igihugu yemera yuko arico avamwo (arico rwiwe) naho yoba atahavukiye. Ugira rusansuma lero wandika izina ry'igihugu akubwiye ko ari rwiwe. Uraheza lero ukandika n'indome nkuru (z'imashini) izina ryico gihugu mugabo ukandika indome 3 zitangura izina ryico gihugu.

Akarorero

BUR : BURUNDI
RWA : RWANDA
ZAI : ZAIRE
TAN : TANZANIE

Colonne 9 : Religion " I D I N I .

Wandika indome zitatu zitangura izina ry'idini yiwe

Ubigira gurtya:

CAT : Katolika
PRO : Umuprostanti
MUS : Umwisilamu (Umuswahili)
TRA : Uwusenga ivyiwabo (nka kiranga)
AUT : Ayandi madini canke atagira idini namba.

Colonne 10 " NIVEAU D'INSTRUCTION " Amashule yize.

Amashule yize wandika umwaka wanyuma yize akamenya kandi mu mashule yemeze na Leta.

AYO MASHULE ARI GUTATU.

1/ Amashule matomato (imyaka 6) wandika (PRI)

2/ Amashule yisumbuye nayo ameze gurtya :

- amashule yisumbuye amara imyaka 6 bandika HUM
- amashule y'inderabigisha amara imyaka 4 canke 7 bandika NOR
- amashule y'imyuga (nka Kamenge) bandika TEC
- amashule y'imyuga (matomato nka gihanga-gatara) bandika PRO

3/ AMASHULE KAMINUZA.

- Universite n'iseminari nkuru wandika SUP
- abandi n'abo bize amashule kaminuza ahandi, nayo yiga uwumaze kurangiza amashule yisumbuye baca bandika SUP

Mwishule yose yize, wandika amashule yahejeje akongera akamenya, umwaka yayobewemwo ntuwuharura, wandika lero amashule yaronkeyemwo idiplome canke certificat.

URAHEZA UKANDIKA GURTYA.

PRI 3 (imyaka itatu yamaze mu mashule matomato)

NOR 5 (imyaka 5 yamaze mw'ishule y'inderabigisha)

SUP 4 (imyaka 4 yamaze muri kaminuza)

AMAZINA Y'AMASHULE MAKURU MU BURUNDI (Akarorero)

SUP : Universite (Kaminuza) n'Iseminari nkuru.

HUM : Coleji ya Mutima-Mutagatifu- Atene y'i Bujumbura n'i Gitega

: Coleji y'i Gitega n'i Ngozi, Lycée y'i Bujumbura, Lycée yo mw'i Jenda
Iseminari ntoyi, iyariyo yose iharurwa murayo mashule yisumbuye.

NOR : Ishule y'inderabigisha mu bukeye, ishule y'inderabigisha i Bujumbura
bandika (NOR)

PRO : Ishule y'imyuga yi Gatarà -Buhiga ni Karuzi bandika (PRO)

TEC : Ishule y'imyuga y'uburimi z'igitega - n'ahandi bandika (TEC)

ITONDERE IBI: Ishule y'imyuga yo mu Kamenge ushobora kwandika PRO canke TEC
ukurikije imyaka yayizemwo yize muke ni (PRO) yize myinshi ni(TEC).

Hari amashule tutanditse murayo, kuko twafashe akarorero gusa.

Iyitanditswemwo sukuvuga ko woyisimba- urayandika n'imyaka yize akamenya.

.../...

Colonne 11 : "Type d'activité " . Icakora

Inkingi ya 11 : (Akazi akora)

N'ukumenya ic'umuntu akora kugirango bamenye kwari mubakora akazi canke ko yirirwa areze amaboko. Utegerezwa kumenya ico yakora uherye mundwi iri imbere yiyo batanguriramwo kugira rusansuma.

IVYO UTEGEREZWA KURABA

- OCC (occupé) - ufise akazi
- CHO (chômeur ayant déjà travaillé) - Umushomeri yigeze kuronka akazi
- QUE (enquête d'emploi) - Umushomeri akirondera akazi ubwambere (akarorero: umunyeshuli ahejeje gutsinda amashule)
- RET (Retraité) - uwavuye mukazi kubera ubusaza akaronka pansiyu
- MEN (Ménagère) - Umugore canke umwigeme akora udukorwa two munzu ariko ntahembwe
- ETU (étudiant ou élève) - Umunyeshuli
- INV (invalid) - Umuntu atamwaga n'umwe ashobora kubera ubumuga bwiwe.
- AUT (autres comme les trop jeunes et les vieux en général) - abandi batagira ico bakora (akarorero: abana bato hamwe n'abasaza).

Colonne 12 : "Profession" Akazi akora

Inkingi ya 12:

Kuvuga neza ubwoko bw'akazi akora.

Uturorero:

- Umurimyizi arima twose (cultivateur polyvalent)
- Umwungere (berger)
- Umushoferi (chauffeur)
- Umwigisha (instituteur)

Colonne 13 : "Situation dans la profession ".

Inkingi ya 13: Ico ari mukazi akora.

Uratandukanya

- EMP (Employeur) : Umukoresha
- IND (Indépendant) : Uwukora utwiwe kandi ntagire uwakoresha.
- SAL (Salarié) : Nuwo wese akora ahembwa amafranga canke ico bapatanye n'umukoresha wiwe mugabo bikitwa impembo.
- APP (Apprenti) : ni uwiga umwuga kandi kenshi na kenshi ni uwukiri muto yiga akazi kandi adahembwa
- AIF (Aide Familial) : ni umwe mubaba murugo kandi akarufasha vyongeye ntakorera impembo ariko araraho akongera agafungura hamwe n'abandi.
- AUT (Autre) : Abandi batari muriyo mirwi duhejeje kudondagura.

Colonne 14 : " Branche d'activité Economique

Inkingi ya 14: "Ubwoko bw'igikorwa kimuzanira i tunga"

Uturorero:

- Agriculture vivrière : Uburimyi
- Plantation de thé: imilima y'icayi
- Fabrication de bière : iganiro canke ihinguriro ry'inzoga
- Agriculture polyvalente: Uburimyi bw'ubundi bwoko
- Réparation auto : Igarage
- P.T.T. : Iposita
- Services domestiques: Ubusuku
- Transport : Gutwar'abantu canke ibintu
- Scierie : Isalamara
- Mensuiserie : Aho babazira n'ibindi

Ico yokwitwaririka cane cane imbere y'ukwandika n'ukutitiranya umwuga n'igikorwa, Umwuga n'ubumenyi bwa nyen'ukubazwa yishangije, naco igikorwa n'urusangi rwa bese bari muri nya kibanza aho umulimo ukorerwa. Akarorero: nko mu bitalo, bese baziko atakindi bahakorera, atarukuvur'abarwaye, abahakora cane cane ar'abaganga n'abaforoma, ariko hariho n'abandi bahakora atari bake bafis'iyindi myuga.

Akarorero : abanditsi, uwukora muvy'amafranga, abakarani baraba ivyerekey'ivy'ibiro, abaplanton, umubaji, umunya rupango, ababoyi, abaherez'ibifungurwa, abanyezamu n'abanti Abo bese bakitwa abari mu gice kimwe c'ubuvuzi.

Umunyamwuga ntakora kamwe, arashobora gukora n'ibindi bikorwa rusangi, ataco bisa bisana n'aho yahora akora. Nk'umubaji arashobora kuja gukorera muri za ateriye aho babazira n'ugukora muri za machine aho hahingurira ivyo gutekeramwo. Umwanditsi w'imashini nawe arashobora gukora muri Leta, eka ahariho hose, ari muvya transport canke muvy'ubudandaji n'ibindi.....

.../...

Umwoga, uwariho wose n'uko duhejeje kubivuga, umukozi wa rusansuma ategerezwa kubaza ibibazo bimufasha gutahur'ibi bikwirikira :

ibikoresho canke ubwoko bwavyo iyo sosiyete ikoresha, n'ibikorwa imaze kurangiza uko bingana. Kumenya uburyo bateguye icyo kibanza n'ibikoresho bakoresheje; ari mukwibwira ari mugusahura, ari muvyoba vyagurishijwe, canke ivyapakiwe n'ibindi.... Mu ma sosiyete amw'amwe ngirak'akamoro, usanga rimwe na rimwe agizwe mu bibanza vyinshi bidateye kimwe kandi biri kure na kure, banwe bagakora ivyabo, abandi ivyabo. Nka mwenaho lero uraheza ukandika uti ahakana bigenda kurtya, ntiwandike ngo sosiyete yose igenda kurtya, n'uguhez'ugatarandukanya.

Akarolero : Isosiyete imwe irashobora kugira ibibanza bibiri ikoreramwo, ariko ivyihakorerera nibibe bimwe. Hamwe arahagurishiriza kandi akahakorera amavwaturu. Ahandi naho akahagurishiriza amakamyo akongera akayahakorera.

Nkuko twahagejeje kubivuga, muvuyerekeye ivyinyuga, umukozi wa rusansuma ategerezwa kugira uko ashoboye kwose kugirango ntibamuhonde muvyo bamwishuye. Kuko haraho banwe bamwishura bashidikanya, abandi nabo bagatanga inyishu itomoya.

Inyishu idatomoye :

ubw'umuceri

ubw'umuceri

ubucuruzi

Ukwimba

Inyishu itomoye :

- Umwimbu w'umuceri, igipimo c'ikawa, aho bokorerera ingurube.
- Aho bakorerera imiduga na za mashine z'amazi.
- Amamangazini y'indya, y'abaja mu masafari n'amafunguro.
- Aho bimba ubutare, aho baganir'inzoga n'aho bakorer'inshato n'ibindi.....

N.B.

Umucozi wa rusansuma muvuyerekeye ababwira bakorerera ba shoboye, abanyezamu b'ijoro, abanyarupango, abayaza, bese bategerejwe kwandikwa mu nkingi ya 14

Umukozi wa rusansuma agomba kwitonda kugira ngo ntafe kwandika gusa izina rya sosiyete n'aho ikorerera.

Ikizana cyo ntakigere azeza kuvyandika mu ndome z'infunyahungu.

Ategerezwa gukoresha uburyo bwose bwumvikana kugirango amenyeshwe neza ingen'ibikorwa vy'ayo Sosiyete bitar'imbere.

=====